



Housing

LIS VERIFIKASYON APLIKASYON PWOGRAM LOTERI KAY BOSTON (BHLP)

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

Lè aplikasyon w nan konplè avèk tout dokiman ki pi ba yo, tanpri voye yo pa lapòs nan:

The Boston Home Center
Attn: Boston Homes Lottery Program
26 Court Street, Floor 8
Boston, MA 02108

Tanpri soumèt kopi dokiman ki annaprè a:

- ☐ Ranpli epi siyen Aplikasyon Pwogram Loteri Kay Boston
- ☐ Lèt Apwobasyon preyalab aktyèl yon pretè ipotèk pou yon kay yonsèl fanmi, de fanmi oswa kondo pou yon prè ipotèk 30-ane fiks avèk yon Prè a Valè (LTV) rapò ki mwens pase oswa egal nan 97%. Pre-apwobasyon an dwe pou yon kantite lajan ki ase parapò a pri dacha an mwayèn BHLP.

Dokiman sa yo pou tout moun nan kay la ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen entansyon abite nan pwopriyete a:

- ☐ Kopi Deklarasyon Revni Federal siyen pou 3 dènye lane ki sot pase yo ak tout anèks yo
- ☐ Kopi fòmilè W-2 yo pou 3 dènye ane ki sot pase yo
- ☐ Souch chèk salè pou 30 dènye jou ki sot pase yo
- ☐ Si w se yon travayè endepandan, yon Eta Pwofi ak Pèt pou tout ane a jiska dat jodiya
- ☐ Prèv revni ki soti nan tout lòt sous tankou Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal, Konpansasyon pou Chomaj, Pansyon, elatriye.
- ☐ 3 relve aktif pou mwa aktyèl la ki soti nan tout Enstitisyon Finansye, tankou bank yo, fon pansyon (401k) yo, aksyon yo, obligasyon yo, kooperativ kredi, elatriye.
- ☐ Kopi Kanè Lekòl pou elèv atanplen ki gen plis pase laj 18 lane.
- ☐ Deklarasyon sou Sèman Pa gen Revni (<https://bit.ly/noincomehc>) pou moun ki gen 18 an oswa plis epi ki kounye a pap travay.



Si li aplikab pou ou, tanpri bay:

- ☐ Dokimantasyon sou rezidans Boston (sètadi., tankou yon kontra lwaye oswa bòdwo sèvis piblik).
- ☐ Dokimantasyon Sètifikasyon Atis (Lèt Sètifika Atis ki soti nan Biwo Ar ak Kilti Majistra a, oswa, si li toujou valab, yon lèt ki soti nan BPDA.)
- ☐ Dokimantasyon pou preferans andikap (Dokimantasyon ki bay sipò yon pwofesyonèl sante ki gen lisans k ap trete moun nan kay la pou andikap la.)
- ☐ Kopi Sètifika Homebuyer 101 Founisè CHAPA apwouve (disponib nan www.chapa.org). Tanpri sonje ke moun k ap achte kay la ap bezwen konplete yon kou edikasyon pou achte kay ki apwouve anvan yo fèmen.
- ☐ Pa gen Deklarasyon sou sèman pou sipò timoun (<https://bit.ly/nochildsupporthc>) pou nenpòt moun nan kay la ki poko gen 18 an pou moun ki aplike oswa ko-aplikan an pa resevwa sipò pou timoun.

Remak: Ekri nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou panse nou ta dwe konnen pou nou trete aplikasyon w nan.



APLIKASYON PWOGRAM LOTRI KAY BOSTON

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

1. Enfòmasyon sou Aplikan an

Aplikan an: _____
Prénon Inisyal Dezyèm Prenon Non fanmi

Imèl: _____

Dat de Nesans: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Nimewo Telefòn Prensipal _____ Nimewo Telefòn Segondè _____

Èske ou se yon Sitwayen ameriken?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske w se yon rezidan etranje?

- ☐ Wi
☐ Non

Ko-Aplikan an: _____
Prénon Inisyal Dezyèm Prenon Non fanmi

Imèl: _____

Dat de Nesans: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Nimewo Telefòn Prensipal _____ Nimewo Telefòn Segondè _____

Èske ou se yon Sitwayen ameriken?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske w se yon rezidan etranje?

- ☐ Wi
☐ Non



2. Enfòmasyon sou Revni Fwaye

Tanpri ranpli pou chak moun ki ta abite avèk aplikan an nan nouvo pwopriyete a.

Non Moun nan Kay la	Tranch Laj*	Relasyon avèk Aplikan an	Revni Anyèl Anvan Taks**
		Aplikan	

*Opsyon Tranch Laj yo se:

- 0-6 ane
- 7-17 ane
- 18-24 ane
- 25-29 ane
- 30-34 ane
- 35-39 ane
- 40-45 ane
- 45-49 ane
- 50-54 ane
- 55-59 ane
- 60-64 ane
- 65-69 ane
- 70-74 ane
- 75-79 ane
- 80-84 ane
- 85+ane

** Sous revni yo genyen salè, lè siplemantè, bonis, komisyon, prestasyon sekirite sosyal/retrèt, alokasyon chomaj, revni dividand/enterè, prestasyon sosyal, pansyon alimantè/pansyon alimantè pou timoun ak tout lòt revni.



Revni Total Fanmi an: _____

Sous Revni

Non Moun nan Kay la	Sous Revni (travay, travay endepandan, benefis/pansyon, sipò timoun)	Frekans	Montan Lajan brit

4. Enfòmasyon sou byen Fanmi an

Lajan kach, Kont Labank, Kont Envestisman, lajan krypto, Roth IRA, elatriye

Non Detantè Kont	Enstitisyon	Nimewo Kont	Balans Kont



Total: _____

Kont Retrèt ak 401(k)

Non Detantè Kont	Enstitisyon	Nimewo Kont	Balans Kont

Total: _____

Èske w te pran yon klas Edikasyon pou Achtè Kay ki apwouve?

- ☐ Wi
☐ Non

Si wi, ki dat ekspirasyon sètifika a? _____

Èske ou anrejistre pou yon klas Edikasyon Achtè Kay (HB101)?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske ou se yon rezidan Boston?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske ou se yon atis sètifye?

- ☐ Wi
☐ Non



Si wi, tanpri bay dokimantasyon: yon Lèt Sètifika Atis ki soti nan Biwo Ar ak Kilti Majistra a, oswa, si li toujou valab, yon lèt sètifikasyon ki soti nan BPDA.

Èske wap chèche yon inite ki bati pou moun ki andikap?

- ☐ Wi
- ☐ Non

Si wi, tanpri bay dokiman sipò ki soti nan men yon pwofesyonèl sante ki gen lisans k ap trete manm nan kay la pou andikap la.

5. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri ranpli seksyon sa a pou ede nou konplete egzijans maketing pozitif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras tout moun lakay ou (tcheke tout sa ki aplikab):

- ☐ Blan
- ☐ Azyatik
- ☐ Nwa oswa Afriken Ameriken
- ☐ Ameriken Endyen oswa Natif Natal Alaska
- ☐ Natif natal Awayi oswa Lòt zile pasifik
- ☐ Lòt: _____

Èske Aplikan an idantifye kòm Panyòl oswa Latino?

- ☐ Wi
- ☐ Non

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

- ☐ Wi
- ☐ Non

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

- ☐ Wi
- ☐ Non



Èske Aplikan an se yon Chèf Fwaye Fanm?

- ☐ Wi
- ☐ Non

Kijan ou te tandè pale sou pwogram sa a (tcheke tout sa ki aplike)?

- ☐ Anons nan Jounal
- ☐ Sit entènèt Boston Home Center
- ☐ Kat postal nan Kay
- ☐ Anons sou Entènèt
- ☐ Klas pou Moun kap achte kay 101
- ☐ Zanmi
- ☐ Klas pou Asistans Finansye
- ☐ Lòt _____





Housing

Aplikasyon Deklarasyon ak Sètifikasyon Pwogram Loteri Kay Boston

1

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

(Tanpri remake, itilizasyon singilye “Mwen” oswa “mwen” anba, va gen ladan pliriyèl sizoka gen plis pase yonsèl “Achtè kay”.)

Mwen, _____, antanke
aplikan pou Pwogram Loteri Kay Boston, sètifye ak garanti sa ki annaprè a:

Enfòmasyon ki nan Divulgasyon ak Deklarasyon sa a se verite, egzat ak konplè nan tout aspè yo, ak enkòpore isit la epi fè pati nan deklarasyon sa a.

Enfòmasyon sou revni kay la gen ladan tout moun ki gen entansyon pou abite nan kay mwen pral okipe a. Mwen pral enkli laj(yo), relasyon avèk mwen, sous revni (yo) ak kantite lajan anyèl brit aktyèl ki soti nan tout sous, alafwa revni taksab ak non-taksab, enkli, men ki pa limite nan: **salè, èdtan siplemantè, distribisyon IRA, travay atan pasyèl, bonis, dividand, enterè, anwite, pansyon, Konpansasyon Administrasyon Veteran (VA), revni sou lokasyon oswa lwaye brit, komisyon, revni difere, prestasyon sosyal, benefis sekirite sosyal, peman andikap, alimoni, pansyon alimantè pou timoun, asistans piblik, peman pou maladi, konpansasyon chomaj, ak revni ou resevwa nan fidisi, aktivite biznis, ak investisman.**

Mwen atache dokiman revni lakay mwen, pou enkli pami lòt dokiman apwopriye, Deklarasyon Taks Revni Federal, chak semèn (oswa lòt peryodik) souch chèk, oswa resi pou chak manm nan kay la ki te rive nan 18 ane.

Map achte yon kay pou premye fwa. Mwen pa t gen yon enterè sou pwopriyete nan yon kay rezidansyèl.

Mwen konprann ke yo pral chwazi achtè ki elijib pou kay Boston Homes Lottery Program pa tiraj. Mwen konprann ke yo pral vann kay sa yo bay fanmi ki nan oswa pi ba pase 100% nan revni medyàn lan. Limit revni yo disponib nan bit.ly/mohincomelimits.

Mwen konprann ke si yo chwazi m nan lotri a, Mwen dwe okipe kay la kòm rezidans prensipal mwen nan lespas 60 jou apre dat finalizasyon dokiman ipotèk la epi kontinye okipe rezidans lan kòm rezidans prensipal mwen.

Mwen konprann ke sèten kondisyon yo mete sou itilizasyon ak re-vant propriyete sa yo. Mwen konprann ke pwopriyete sa yo sijè a yon Kontra Lojman Abòdab.



EQUAL HOUSING
OPPORTUNITY



Mwen pa kounye a, ni mwen pa te nan douz (12) dènye mwa yo, yon anplwaye Biwo Lojman Majistra a. Mwen pa yon manm fanmi imedya yon anplwaye aktyèl oswa ansyen anplwaye nan Biwo Lojman Majistra a.

Mwen pa t janm koupab nan aksyon mete dife nan kay, arasman lokatè nan Tribinal Lojman oswa Lwa sou Lojman oswa vyole lwa. Aktyèlman mwen pa nan medyasyon avèk Komisyon Lojman Ekitab Boston oswa Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon. Aktyèlman mwen pa yon defandè nan yon plent kriminel nan tribinal lojman pou yon vyolasyon lojman ekitab oswa nan yon ka dife kriminel.

Mwen pa aktyèlman, ni mwen pa t nan tan pase, dwe (d) okenn aryere taks imobilye nan Vil Boston.

Tanpri mete inisyal nan deklarasyon ki apwopriye a:

(Mwen/Nou) pa aktyèlman, yon anplwaye nan Vil Boston. (Mwen/Nou) mwen pa yon manm fanmi pwòch (konjwen, paran, timoun oswa frè/sè) yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston.

Oswa

(Mwen/Nou) se aktyèlman yon anplwaye nan Vil Boston. (Mwen/Nou) mwen/se yon manm fanmi pwòch (konjwen, paran, timoun oswa frè/sè) yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston.

Si oumenm oswa yon manm fanmi imedya se yon anplwaye Vil Boston, tanpri ekri non anplwaye a, pozisyon travay la, ak depatman vil la

Non

Pozisyon Travay

Depatman Vil

Tanpri remake si oumenm oswa yon manm fanmi pwòch se yon anplwaye aktyèl nan Vil Boston, ou pral gen obligasyon pou depoze yon fòm Konfli Enterè avèk biwo Grefye Vil la nan fason pou fèmen pwopriyete a.





Mwen konnen ke enfòmasyon ki la sijè a verifikasyon pa Biwo Lojman Majistra a, oswa ajan li yo. Mwen pral enfòme alekri Biwo Lojman Majistra a alekri sou nenpòt chanjman ki fèt nan deklarasyon ki anwo yo oswa nan enfòmasyon mwen te bay avèk aplikasyon sa a.

Mwen konprann ke si mwen te fè nenpòt move deklarasyon materyèl nan reprezantasyon ki anwo a, oswa si mwen te omèt nenpòt nan enfòmasyon yo te mande a, move reprezantasyon oswa omisyon an pral konsidere kòm yon ka defo, e li kapab diskalifye m pou patisipe nan pwogram sa a.

Mwen deklare anba penalite fo temwayaj ke reprezantasyon presedan an se verite, kòrèk, egzat, konplè, ak kòrèk nan tout aspè yo.

Mwen sètifye nan dokiman sa a ke enfòmasyon mwen bay la egzat ak kòrèk nan pi bon konesans mwen.

Mwen otorize nan dokiman sa a Vil Boston pou verifye nan fason endepandan enfòmasyon nou te bay isit la epi egalman envestige dosye kredi mwen.

Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Dat

Ko-Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Ko-Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Dat





DEFINISYON PWOGRAM LOTERI KAY BOSTON

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

DEFINISYON YO

Revni Anyèl Kay la (Revni Anyèl Fwaye a): Revni konbine tout moun ki gen lentansyon viv nan lojman an. Sous revni yo gen ladan yo, men yo pa limite a:

- Montan total, anvan nenpòt dediksyon pewòl, pou pèy ak salè, pèy pou ovètaym, komisyon, frè, poubwa ak bonis, ak lòt konpansasyon pou sèvis pèsònèl;
- Enterè, dividann, ak nenpòt lòt kalite revni nèt ki soti nan imobilye oswa nan pwopriyete pèsònèl;
- Montan konplè nan montan peryodik ki soti nan Sekirite Sosyal, rant anyèl, polis asirans, fon retrèt, pansyon, benefis pou andikap oswa pou lanmò, ak lòt resi peryodik ki menm kalite;
- Peman alaplas salè, tankou asirans pou chomaj ak endemnité pou enfimite, konpansasyon travayè ak pèy pou separasyon;
- Peman pou asistans sosyal;
- Alokasyon peryodik ak detèminab, tankou obligasyon alimantè ak peman pou pansyon alimantè pou timoun, ak kontribisyon regilye oswa kado w resevwa nan men òganizasyon oswa moun ki p ap viv nan fwaye a;
- Tout pèy regilye, pèy espesyal ak alokasyon pou manm Fòs Lame yo.

Pou nenpòt fanmi ki gen yon timoun (ki poko gen laj 18 an) pou moun ki aplike a oswa ko-aplikan an pa resevwa sipò pou timoun, tanpri ranpli yon deklarasyon sou sèman Pa gen Sipò pou Timoun (<https://bit.ly/nochildsupporthc>) epi soumèt deklarasyon sou sèman avèk Aplikasyon sa a.

Pou manm Kay ki gen dizwit (18) an oswa plis ki pa gen revni, tanpri ranpli yon deklarasyon sou sèman Pa gen Revni (<https://bit.ly/noincomehc>) pou manm Kay sa a epi soumèt deklarasyon sou sèman avèk Aplikasyon sa a.

Rezidan Boston: vle di yon aplikan oswa ko-aplikan, nan moman aplikasyon pou yon inite lojman a bon mache se yon rezidan dokimante aprentan nan Vil Boston.*



Prèw rezidans Boston pral gen ladan kopi sèvis piblik, anrejistreman veyikil, ak/oswa kopi kontra lwaye yo kote Aplikan an se te lokatè a.

Ekskli rezidans tanporè nan koulwa rezidans inivèsite yo oswa lòt sitiyasyon lojman tanporè menm jan.

Verifikasyon rezidans Etazini: Omwen yon aplikan dwe dokimante estati rezidans legal Ozetazini kòm swa sitwayen, rezidans pèmanan etranje (sa vle di, aplikan gen yon "kat vèt") oswa lòt estati rezidans alontèm oswa viza apati dat aplikasyon an.

Aplikan ki elijib la dwe bay omwen youn nan dokiman sa yo pou dokimante rezidans nan Etazini: deklarasyon sou sèman, divilgasyon aplikasyon, batistè, paspò, dokiman natiralizasyon, dokiman rezidans etranje, ak/oswa lòt dokiman Biwo Lojman Majistra a konsidere ase.

Limitasyon Byen: Yo ka jije aplikan inelijib si total byen kay la ki konbine plis pase \$75,000.

Anplis de sa, pa plis pase yon mwaye (50%) nan byen achte a otreman elijib yo ka nan fòm yon kado. yon yo gen ladan yo kont labank oswa kont finansye, kèlkeswa si se kach, ekite nan imobilye, fon investisman, Roth IRA oswa nenpòt lòt atik ki gen valè. Tout byen, kit se nan lajan kach, jis nan byen imobilye, fon investisman oswa nenpòt lòt atik ki gen valè yo pral enkli nan detèminasyon byen yo. Sèl eksepsyon sa a se lajan pou pran retrèt gouvènman an apwouve ak plan epay kolèj. Sèlman si yon kont retrèt oswa plan epay kolèj yo dwe likide pou sipòte achte kay la pral ajoute nan kalkil byen yo.

Si yon byen nesèsè nan sous revni prensipal achte a, tankou yon biznis achte a posede, kèk oswa tout byen yo kapab egzante nan kalkilasyon an sèlman nan nivo kote sa nesèsè pou kenbe sous revni achte a.

Fanmi an: Yo pral defini Manm Kay la, nan moman aplikasyon an kòm:

- Moun k ap viv ansanm regilyèman, ki gen lyen san, maryaj, adopsyon, gadyen, oswa operasyon lalwa;
- Oswa ki pa gen rapò konsa, men ki pataje revni ak resous epi ki gen entansyon pou okipe inite a kòm rezidans prensipal pèmanan yo.

Koup ki legalman marye yo dwe konsidere toulède fè pati nan yon kay. Sepandan, si yon moun "separe," mari oswa madanm lan p ap konsidere kòm yon pati nan kay la si aplikan an kapab sifizaman dokimante ke mari oswa madanm lan ap viv separeman.

Moun k ap achte ansanm, sa vle di ko-achte, kap viv kounye a nan yon kay separe, yo pral konsidere kòm manm nan kay la pou aplikasyon an. Oswa ki pa gen rapò konsa, men ki

pataje revni ak resous epi ki gen entansyon okipe inite a kòm rezidans prensipal pèmanan yo.

Biwo Lojman Majistra a pral konsidere lòt sikonstans ki pa satisfè definisyon sa a si yo bay ase dokiman ak/oswa deklarasyon sou sèman notarye.

Biwo Lojman Majistra a ka mande pou lòt dokiman anplis jan sa nesesè pou asire ke pwogram lan respekte entansyon an.

Achtè kay pou premye fwa: Achtè kay pou premye fwa a vle di aplikan an, ko-aplikan oswa konjwen an pa te gen okenn patisipasyon nan yon rezidans prensipal pandan peryòd twazan anvan an eksepte nan sikonstans sa yo:

- **Paran selibatè ki legalman divòse.** Yon sèl-paran ki gen gad prensipal (ki gen ladann gad legal konjwen) yon timoun minè oswa ki ansent, ki te deja posede yon kay rezidansyèl annantye oswa an pati men ki pa gen okenn dwa sou pwopriyete a ankò kòm rezilta yon divòs oswa yon akò separasyon legalman obligatwa oswa,
- **Eritaj.** Yon kay ki te resevwa annantye oswa an pati, yon kay rezidansyèl kòm yon eritaj men kounye a pa gen okenn dwa legal sou sa a oswa nenpòt lòt pwopriyete rezidansyèl.
- **Kay mobil.** Yon fanmi ki te posede yon kay mobil annantye oswa an pati men ki lwe tè kote pwopriyete a te ye a.
- **Sèten Fòm Lojman Koperativ.** Pandan ke nòmalman pwopriyete yon inite lojman kooperativ ta konsidere kòm pwopriyete kay, gen sèten fòm kooperativ ki pi pre lojman pou lokasyon pase pwopriyete kay. Se sèlman kooperativ kote aksyonè a te resevwa yon dediksyon taks sou enterè ipotèk nan men IRS yo pral konsidere kòm pwopriyete kay pou rezon règleman sa a.

Gwosè Minimòm Kay la ap egal a kantite chanm akouche nan pwopriyete a mwens youn.

Biwo Majistra pou Prè Lojman Patisipan yo: Moun ki achte kay pou premye fwa ki vle patisipe tou nan Pwogram Asistans Finansye Vil Boston an, ap bezwen sèvi ak yon Pretè Ipotèk Patisipan. Ou ka jwenn yon lis nan bit.ly/bhclenders. Aplikan yo pa bezwen sèvi ak yon Pretè Patisipan si yap aplike sèlman nan Pwogram BHLP.

Pwogram Revni Medyan Maksimòm BHLP: Pwogram Limit Revni etabli pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini [US Department of Housing and Urban Development (HUD)] e yo sijè nan chanje. Limit Revni Maksimòm pou patisipasyon nan Pwogram Loteri Kay Boston la se 100% nan revni mwayèn. Men, gen kèk inite ki kapab gen limit revni ki pi ba.

Limit revni yo disponib nan bit.ly/mohincomelimits.